# ЛИТЕРАТУРОВЕДЕНИЕ

**УДК 821.352.3**
**ББК 83.3(2=Каб)**
**Б 19**

**Баков Х.И.**
*Доктор филологических наук, главный научный сотрудник Института гуманитарных исследований Кабардино-Балкарского научного центра РАН, e-mail: kbigi@mail.ru*

## Медитативная лирика в творчестве черкесского поэта Муаеда Пхешхова

(Гупщысэр щытепщэ Пхъэш МуІэед и лирикэр)

*(Рецензирована)*

**Аннотация:**

Рассматриваются особенности медитативной лирики черкесского поэта и талантливого журналиста Муаеда Пхешхова. Проводится эстетический анализ его стихотворений, в которых наиболее ярко заметны нравственные находки автора, черты творческой индивидуальности. Особое внимание уделено новаторству поэта в использовании оригинальных поэтических троп, изобразительно-выразительных средств: сравнений, эпитетов, олицетворений, метафор. Отмечается, что он удачно сочетает свое творческое «Я» с национальной традицией, которую обогащает новыми образами, гармоничной звуковой организацией стиха, полнокровными рифмами. Затрагивается успешная журналистская деятельность поэта, которая сыграла важную роль в становлении творческой индивидуальности в его поэзии. В его творчестве есть замечательные пейзажные, любовные стихотворения, но, как отмечается, в нем значительное место занимает медитативная лирика, в которой главенствует мысль, философия жизни. Творчество М. Пхешхова рекомендуется использовать в практике средней и высшей школы КЧР и КБР.

**Ключевые слова:**

Сюжет, новелла, пейзаж, философская мысль, символ, журналист, поэзия, лирика, строфа, эпитет.

**Bakov H.I.**
*Doctor of Philology, Principal Researcher of Institute of Humane Researches, Kabardino-Balkarian Scientific Center of the Russian Academy of Sciences, e-mail: kbigi@mail.ru*

## Meditative lyrics in the works of the Circassian poet Muaed Pkheshkhov

**Abstract:**

This study discusses the features of the meditative lyrics of the Circassian poet and talented journalist Muaed Pkheshkhov. An aesthetic analysis of his poems is carried out, in which the author's moral discoveries and features of creative individuality

are most clearly visible. Particular attention is paid to the poet's innovation in the use of original poetic tropes, figurative and expressive means: comparisons, epithets, reifications, and metaphors. The publication notes that M. Pkheshkhov successfully combines his creative self with the national tradition, which he enriches with new images, harmonious sound organization of the verse, and exuberant rhymes. The paper touches upon the successful journalistic activity of M. Pkheshkhov, which played an important role in the development of a creative individuality in his poetry. In the works of M. Pkheshkhov, there are wonderful landscape and love poems, but, as noted in this publication, meditative lyrics, in which the thought and philosophy of life prevail, occupy a significant place in them. Recommendations are made to use the works of M.Pkheshkhov in the practice of secondary and higher schools of the Karachay-Cherkessia and Kabardino-Balkaria.

**Keywords:**

The plot, story, landscape, philosophical thought, symbol, journalist, poetry, lyrics, stanza, epithet.

Пхъэш МуIэед Назир и къуэр (1949-2000) Алибэрдыкъуэ (Пасэм Хьэгъундыкъуей) шэрджэс къуажэм къыщалъхуащ. Ростов дэт университетым и философие факультетым щеджащ, Къэрэшей къэрал пединститутым (иджы университетщ) и филологие факультетыр къиухащ. Илъэс бжыгъэкIэ щылэжьащ Черкесск деж радиом, «Черкес хэку» газетым, и цIэр зыгъэIуа Къэрэшей-Шэрджэс телевидинием и адыгэ къудамэм. Абы и нэтын игъэхьэзырхэр теухуат щIыпIэ зэхуэмыдэхэм щыпсэу адыгэхэм, ахэр къызэхикIухьт, сюжет гъэщIэгъуэнхэр къигъуэтт, бзэ шэрыуэкIэ цIыхум я пащхьэ ирилъхьэт, фильм щхьэхуэхэр ищIт. Апхуэдэу урыс лIыжь Шведов Михаил Матвеевич (мыр Хьэгъундыкъуей зыбжанэрэ дэсащ, адыгэбзэри ди хабзэри фIыуэ ищIэт, езыр щыщт Кардоникская станицэм) теухуа «Кунак» фильмыр зыбжанэрэ къагъэлъэгъуащ. Ростов деж «Мир Кавказу» зэхэта зэпеуэм иным деж Пхъэш МуIэед и фильмым папщIэ Гран-при къыхуагъэфэщащ.

Нэхъыбэу Пхъэш МуIэед къызэрацIыхур журналист Iэзэу зэрыщытарщ, ауэ зыкIи нэхъ лъахъшэкъым абы и усэхэр, новеллэхэр. Ахэм зыкъомкIэ и журналист Iуэху еплъыкIэм ижь къыщIихуами, ахэр публицистикэм ещхькъым, зэрытхахэр усэбзэ бейщ, гъэнщIащ образ гъэщIэгъуэнхэмкIэ. Псоми зэращIэщи, адыгэ литературэр 20-40 гъэхэм газетхэм, журналхэм «къытебэкъукIащ». Ноби журналист куэдым зэдахьыр я IэщIагъэ зэрылажьэри, хуэIэижьхэщ усэ тхынми, прозэми. Куэдрэ Пхъэш МуIэед дэлэжьа, журналист цIэрыIуэ Шырдий Маринэ усакIуэм (усэ тхылъыр къыдэкIащ Маринэ и редакцэм щIэту 2003 гъэм) итхащ: «МуIэед и усэхэм ущеджэкIэ ахэм ящыщ дэтхэнэри фильм кIэщI цIыкIум хуэдэу, гъащIэм и теплъэгъуэ пыухыкIауэ уи нэгум къыщIоувэ» [1: 7].

Пхъэш МуIэед и усэхэр я фащэкIэ зыхэхьэр лирикэращ. Ахэр зэзэмызэ газетым къытехуэрт, щхьэхуэу и усэ тхылъыр къыщыдэкIари езыр дунейм ехыжа нэужьщ. МуIэед итхар куэд хъуркъым, къытридзари нэхъ мащIэжщ, ауэ и усэхэм гупсысэ куу ящIэлъщ, къигъэсэбэп зэгъэпщэныгъэхэр, эпитетхэр щIэщыгъуэщ. Къэтщтэнщ «Мэкъуауэ лIыжьхэр» усэр. (УсакIуэр мэкъуауэ здашэт лIыжьхэм Iэпыдз-лъэпыдзу. ЛIыжьхэр Iэзэу мэкъу еуэт упщIэ пыIэ, джанэ хужьхэр ящыгъыу, мыпIащIэу, Iэдэб яхэлъыу):

*Аргъынэхэр мэгъуэлъ мэл кIапэ пшэру,*
*Шэмэджхэм шыкIэпшынэу псэр дахьэх.*
*Къаз хужьхэр псафэ кIуэ нэхъ умыщIэну,*
*ЛIыжь гупым джабэ нэкIур ирахьэх* [2: 24].

АдэкIэ лIыжьхэр зэрызэдэгушыIэр, зэрызэрыгъэунэхур,

къару къазэрыхуэнар усакӀуэм къеӀуатэри еух: «Удз цӀынэу жьыгъэр плӀэӀукӀэ ирадзэкӀыу, мэкъупӀэ нэпкъыр лӀыжьхэм къыгуагъэху...» Апхуэдэ теплъэ уи нэгу къыщӀэзгъэхуэфынур усакӀуэ нэсырщ. Образ гъэщӀэгъуэнщ, жыӀэгъуэ купщӀафӀэщ мэкъуауэ лӀыжьхэм «Удз цӀынэу жьыгъэр плӀэӀукӀэ ирадзэкӀ» - жыхуиӀэри!

Зэман-зэманкӀэ лирикэ усыгъэм зи псалъэ хэзылъхьэ Пъэш МуӀэед и усэхэр зэрыгурыӀуэгъуэмкӀэ, гупсысэкӀэ гъэнщӀауэ зэрыщытымкӀэ усакӀуэ куэдым къащхьэщокӀыр. Ар хущӀокъу къиӀуатэмрэ къызэрыӀуатэ щӀыкӀэмрэ къанэ щымыӀэу зэрызэригъэкӀуным. УсакӀуэм хузэфӀокӀыр дунейм и къэхъукъащӀэ теплъэгъуэхэр Ӏупщӏыу дигъэлъагъуну. (Пщыхьэщхьэ; ЩӀымахуэм и щэху; Нэчыхьытх, н.). МуӀэед и усэхэр нэхъыбэу зытеухуар цӀыхухэм я зэхущытыкӀэмрэ езы гъащӀэм епха гупсысэмрэщ.

Псалъэ къызэрыгуэкӀхэмкӀэ усакӀуэм къарурэ гукъыдэж емызэшрэ къегъэлъагъуэр:

*Ар хъурэ уэшх, щӀэмытмэ уафэгъуагъуэ –*
*Унащхьэм псы къежэхыу аркъудейщ.*
*Жыг тхьэмпэр хъейкӀэ сэ сымыгъщӀагъуэ –*
*ЩӀэфиихьыжу жьыбгъэщ сызыхуейр!* [2: 45]

КъызэрыгуэкӀ теплъэгъуэр «фӀэмащӀэщ» усакӀуэм, ар хуейщ динамикэ, зэхъуэкӀыныгъэ, цӀыхум и хьэлыр зыпсыхь, и зэфӀэкӀыр къэзыгъэлъагъуэ Ӏуэху. Зи гугъу тщӀы строфам усэкӀуэм къыпещэр цӀыхум и щэнми апхуэдэ хэлъын хуейуэ:

*Ар хъурэ пэж, уеӀэбрэ укъимысмэ,*
*Зезыхьэм пэжыр и гур мафӀэм хэлъщ.*
*Ар хъурэ цӀыху, щагуэшкӀэ къылъымысмэ*
*А дэпыр псэкӀэ зышэчыфын хьэл.*

Пхъэш МуӀэед и журналист къэлэнхэр щигъэзащӀэми пэжым и телъхьэу щытащ, а хьэлыр къыхощыр и усэхэми. Пхъэш МуӀэед и лирикэр щхьэхуэу гуэшакъым: лъагъуныгъэм, пейзажым, жылагъуэм, философием теухуауэ. И усэхэм нэхъыбэу щытепщэщ гъащӀэм и философиер, гупсысэр. Апхуэдэхэщ: Псы хьэлъахуэу зблехыж гукъэкӀыжхэр; Лъагъуныгъэр ди зэхуакум дэтщ нэщхъейуэ; Гумрэ акъылымрэ; Хабзэ; Игъэщтащи псалъэ хъуэтым мы си гущӀэр н.

УсэкӀыхьиӀэкъым Пхъэш МуӀэед, абы яхэтщ сатириплӀ нэхъ мыхъу, ауэ гупсысэ куу зыщӀэлъ. Апхуэдэщ жьындум теухуа «Тумыхуж»-ыр:

*КъытетӀысхьэм жьындур уи уэнжакъым,*
*Тумыхуж ар, кхъыӀэ, тумыхуж.*
*ЩӀэджэр ар сэракъым е уэракъым –*
*И насыпыншагъэр егъеиж* [2: 40].

Усэ куэд имытхами, Пхъш МуӀэед адыгэ усыгъэм лъэужь дахэ къыхинащ.

Пхъэш МуӀэед и новэллэхэри сюжет хъарзынэм тещӀыхьащ, бзэ шэрыуэкӀи тхащ. Ахэм къыхэгъэщыпхъэщ: Дадэ; Нащхъуэ и бгъуэнщӀагъ. Япэрейр теухуащ адыгэ лӀыжь Хьэжуэсмэн дунейм ехыжауэ зэрыщӀалъхьэм. Абы щӀалэ цӀыкӀухэм хъыбар куэд яжриӀэт, игъасэхэт. Псом нэхърэ нэхъ ижагъуэ хъуат зы щӀалэ гуэрым. Абы нэпс щӀагъэкӀт (цӀыхухэм я нэхъыбэр уэршэрхэт). ЛӀыжьыр угъурлыуэ дунейм тетат. А щӀалэм икӀэм деж и гукӀэ жеӀэр, йолъэӀур уафэм уэшх къешхыну, уафэми игъеину хуейт а цӀыху щхьэпэр.

ЕтӀуанэ новэллэм къыщыгъэлъэгъуащ Нащхъуэ зи цӀэ лӀыжь зи акъылыр зэм щхьэщыкӀыу, зэми и акъыл къихьэжу псом. Ар иужь илъэсхэм къуажэм дэкӀри бгъунщӀагъым щыпсэуащ, абдежи дунейм щехыжащ. ТхакӀуэм къыхуэгъэлъэгъуащ психологие Ӏэмалхэмкӏэ цӀыху зи зэхэщӀыкӀыр гурыӀуэгъуей хъуам и образыр.

МуӀэед и усэхэм къыхуигъуэтт сюжет къызэрымыгуэкӀхэр. Абы ящыщ «Гумрэ акъылымрэ» усэм деж къыщигъэсэбэпар. Ижь-

ижьыж лъандэрэ лирикэм деж гум и образымрэ акъылым (щхьэм) и образымрэ щызэрагъапщэр, щызэпэщlагъауэр. Пхъэшым «гу къилъэтыр выгум щlещlэр, и акъылыр ещl гублащхьэдэс». Гур езэша нэужь а тlур зэрехъуэжыр, акъылыр щlещlэр. Насыпышэ кlуэм и lуэхур яхуэлэжькъым тlуми:

*Псэху имыщlэу къырехуекl*
*акъылыр,*
*Гъуэгум токlри, джабэм*
*кlэрохьэж,*
*Сызыщыгугъауэ насып гулъэр*
*Зэхэтхъуа гупщысэмкlи*
*схуехъуэж*...[2: 42].

Псэм тетхыхь усакlуэт, ар зыгъэгузавэ lуэхухэр сэтей къэзыщlт Пхъэш Мулэед. Абы къыдэкlуэу дунейм и щытыкlэм псалъэкlэ lэзэу «сурэт трищlыкlт», жылэгъуэ шэрыуэ, зэгъэпщэныгъэ щыщыгъуэхэр къигъэщlырт. Щlымахуэр езыхужьэж гъатхэм хужелэр: «Кlуэсэж щlымахуэм къиубыдауэ и кlэр, сабий къуейщlейуэ гъатхэм зечэтхъэж», щlымахуэм и псэр ирехьэх зы мылым, адрей къэнар абы и гукъэкlыжщ.

Гукъэкlыж псалъэр куэдрэ къегъэсэьэпыр усакlуэм, абы символ мыхьэнэ иретыр: Псыхьэлъахуэу зблехыжыр гукъэкlыжыр си гупщысэу ныжэбэ къиуам... Сыкlэлъопхъуэ щlалэгъуэ блэкlам; Лъагъуныгъэр ди зэхуакум дэтщ нэщхъейуэ; Къыдэпщlэну мэгуlэжыр и гукъеуэр: «Сыту пасэу фэ сыфlщlыжрэ гукъыдэж!; Гущlэм къыщоушыр хьэлъэу гукъэкlыж». Усэ щхьэхуэми фlищащ «Гукъэкlыжхэр».

Лъагъуныгъэм теухуа усэхэри и мащlэкъым Пхъэш М. Апхуэдэхэщ: Си закъуэщ, си хъыдэз (мыбы критикэм гулъытэ хэха хуищlащ); Игъэщтащи псалъэ хъуэтым мы си гущlэр; Дыгъэмрэ мазэмрэ; Щэху; lэ дызолъэр уи щхьэцым; lухэлъ налъэ; Зигу хэзгъэщlа бзылъхугъэм; Зэгуэр. Мы циклым я мотивхэм щымащlэщ гуфlэгъуэ гурыщlэ, ахэр узыгъэгузавэ, узыгъэнэщхъей гупсысэкlэ узэдащ.

Пхъэш М. езым и хъэтl щиlэжащ адыгэ поэзием, аращ абы лъэужь дахэ къыщlыхуигъэнэфар ди литературэм. Мулэед и фэеплъу усэ щхьэхуэ хуатхащ Бемырзэ Мухьэдин [3: 101], Тхъгъэпсэу Увэжыкъуэ [4: 103], псалъэ гуапэ хуитхащ тележурналист lэзэ Гетманов Владимир [5: 104-107]. Пхъэш Мулэед и усэ щхьэхуэхэр ирагъуващ курыт еджапlэм и хрестоматием. Ар абы къилэжьащ и талантымкlэ, и гуащlэдэкlкlэ.

**Примечания:**

1. Ширдиева М. Заглянув в зеркало прошлого = Блэкlам и гъуджэм дызэдиплъэжынщ // Пхешхов М. Путь: сб. стихов = Гъуэгуанэ. Черкесск, 2003. С. 7.
2. Пхъэш М. Гъуэгуанэ = Пхешхов М. Путь. Нальчик, 2003. С. 24.
3. Бемурзов М. Судьба поэта = Усакlуэм и натlэр // Там же. С. 101.
4. Тхагапсов У. Оборвавшаяся скала = Къыр щэща // Там же. С. 103.
5. Гетманов В. Прерванный полет // Там же. С. 104-107.

**References:**

1. Shirdieva M. Looking in the mirror of the past // Pkheshkhov M.Way: collection of verses. Cherkessk, 2003. P. 7.
2. Pkheshkhov M. The Way. Nalchik, 2003. P. 24.
3. Bemurzov M. The fate of the poet // Ibid. P. 101.
4. Tkhagapsov U. The broken rock // Ibid. P. 103.
5. Getmanov V. The interrupted flight // Ibid. P. 104-107.